# 2024 Aplikasyon Bilten Vòt pou elektè ki Absan nan Michigan

***Si w se yon patisipan nan Pwogram Konfidansyalite Adrès la, pa ranpli fòmilè sa a. Kontakte Depatman Pwokirè Jeneral la.***

**FÒMILÈ EKLERE**

*Mwen se yon sitwayen ameriken epi mwen se yon elektè ki kalifye epi ki anrejistre nan konte ak jiridiksyon nan eta Michigan ki endike anba la a, epi mwen ap aplike pou yon bilten vòt ofisyèl, pou mwen vote nan eleksyon an jan sa endike anba la a..*

## 1 RANPLI

**Enfòmasyon sou enskripsyon elektè yo**

| Siyati | Non | M.I. | Konte |
|---|---|---|---|
| | | | |

| Adrès | ☐ Vil ☐ Kanton | Jiridiksyon |
|---|---|---|
| | | |

| Vil | Eta | Kòd postal | Ane ou fèt |
|---|---|---|---|
| | MI | | |

| Adrès imèl | Nimewo telefòn |
|---|---|
| | |

*Yo pral itilize adrès imèl ou ak nimewo telefòn ou sèlman pou rezon eleksyon ofisyèl yo.*

## 2 TCHEKE

**Chwazi eleksyon pou resevwa yon bilten (obligatwa):**

☐ Primè Prezidansyèl ☐ Me ☐ Out ☐ Novanm

**Lòt eleksyon:** Ranpli pou w rantre nan lis vòt elektè ki absan yon fason pèmanan yo (opsyonèl)

☐ Otomatikman voye yon bilten vòt elektè ki absan pou mwen chak pwochen eleksyon ke mwen kalifye a.

## 3 SIYEN

**Siyati elektè a (yo pa asepte pwokirasyon an):**

*Mwen sètifye ke mwen se yon sitwayen ameriken epi deklarasyon ki nan demann ilten vòt pa korespondans sa yo se verite.*

| Siyati | Dat |
|---|---|
| | |

***AVÈTISMAN:*** *Ou dwe yon* ***sitwayen ameriken*** *pou vote. Si w pa yon sitwayen ameriken, yo p ap ba w yon bilten vòt pou elektè ki absan. Yon moun ki fè yon fo deklarasyon nan demann vòt pa korespondans sa a koupab de yon deli.* ***Gade nan do a pou jwenn plis enstriksyon ak avètisman***

## 4 LÒT

**Adrès pou voye bilten vòt pa lapòs:**

*(Ranpli sèlman si li diferan de sa ki anwo a)*

*Sèvis Postal Etazini an p ap voye bilten vòt ou a. Nou ka voye li ba ou pa lapòs kote ou ye a. Si w bezwen lòt adrès oswa si plan yo chanje, kontakte grefye vil oswa konte ou a.*

**Address 1**

| Dat depa | Dat retou |
|---|---|
| | |

| Adrès | |
|---|---|
| Vil | |
| Eta | Kòd postal |

**Address 2**

| Dat depa | Dat retou |
|---|---|
| | |

| Adrès | |
|---|---|
| Vil | |
| Eta | Kòd postal |

***POU ITILIZASYON GREFYE A SÈLMAN***

| Wd/Pct | Poste / / | Retounen / / |
|---|---|---|
| Depoze / / | No Bilten. | Grefye |

**Gade lòt bò fòmilè a pou plis enfòmasyon sou Sètifika Elektè ki Enskri epi yo Otorize pou Retounen Fòmilè Aplikasyon Bilten pou Elèktè ki Absan**

# Enstriksyon pou demann bilten vòt pou elektè ki absan

**Etap 1:** Ranpli aplikasyon an nèt. Ou dwe siyen fòmilè a pou w ka jwenn yon bilten vòt.

**Etap 2:** Remèt aplikasyon an nan youn nan fason sa yo:

1. Olye pou w retounen yon aplikasyon sou papye, ou ka aplike an liy nan Michigan.gov/Vote. Oswa ou ka voye yon kopi fòmilè sa a pa imèl. Pran yon foto aplikasyon an (oswa eskane li) epi voye li pa imèl bay grefye w la. Asire ke siyati w la vizib.

2. Voye li pa lapòs. Si kourye a pa peye davans, asire ke anvlòp la byen tenbre epi li adrese ak grefye lokal ou a.

3. Remèt li an pèsòn bay grefye a, biwo grefye a, asistan otorize grefye a oswa bwat depo grefye a.

   Yon moun nan fanmi w oswa k ap viv nan kay ou ka ede w bay aplikasyon sa a. Si sa pa posib, ou ka mande nenpòt elektè ki anrejistre nan Michigan pou li remèt li pou ou. Moun k ap ede w la dwe siyen "Sètifika Elektè ki Enskri epi Otorize pou Retounen Aplikasyon Bilten Pou Elektè Ki Absan" sa a.

## Sètifika Elektè ki Enskri epi yo Otorize pou Retounen Fòmilè Aplikasyon Bilten pou Elèktè ki Absan

*(Ranpli sèlman si w ap ede yon elektè retounen aplikasyon an)*

Mwen sètifye ke non mwen se ______________________________ , dat mwen fèt se ____________________ epi adrès mwen se ____________________________________________________________ ; ke m ap remèt aplikasyon bilten pou elektè ki absan an ________________________________________ nan sou demann li; ke mwen pa t mande pou m retounen aplikasyon an; mwen pa fè okenn mak sou aplikasyon an; ke mwen pa te chanje aplikasyon an nan okenn fason; ke mwen pa te enfliyanse aplikan an; epi mwen konnen yon fo deklarasyon ki nan sètifika sa a se yon vyolasyon lwa eleksyon Michigan.

______________________________________________ ____________________

Siyati moun k ap ede elektè a Dat

## Kontakte grefye lokal ou a

Retounen aplikasyon sa a bay grefye vil ou a. Ou ka jwenn adrès grefye lokal ou a, adrès imèl, nimewo telefòn ak anplasman bwat depo li lè w ale sou Michigan.gov/Vote oswa lè w eskane kòd QR ki anba a.

SCAN ME

***AVÈTISMAN:** Ou dwe yon **sitwayen ameriken** pou vote. Si w pa yon sitwayen ameriken, yo p ap ba w yon bilten vòt pou elektè ki absan. Yon moun ki fè yon fo deklarasyon nan demann vòt pa korespondans sa a koupab de yon deli. Se yon vyolasyon lwa elektoral Michigan pou yon moun ki pa moun ki endike nan enstriksyon yo pou retounen, pwopoze pou retounen, dakò pou retounen, oswa mande pou retounen aplikasyon bilten elektè ki absan an bay grefye a. Yon asistan otorize pa grefye a ki resevwa aplikasyon bilten vòt elektè ki absan nan yon kote ki pa biwo grefye a dwe gen otorizasyon grefye a siyen. Mande wè akreditasyon li anvan ou konfye aplikasyon w lan ak yon moun ki di li gen otorizasyon grefye a pou retounen aplikasyon w lan.*

---

Enfòmasyon pèsonèl ki idantifyab yo kolekte nan fòmilè sa a limite ak sa ki nesesè pou konplete tranzaksyon ou an. Antanke òganis piblik, MDOS soumèt ak lwa Michigan sou libète enfòmasyon (FOIA), MCL 15.231 et seq., epi enfòmasyon tankou yon non oswa adrès ka divilge an repons a yon demann FOIA. Pou konnen lòt fason yo ka itilize enfòmasyon ou yo, vizite https://www.michigan.gov/sos/policies.